

Plan Angajman Piblik MBTA

Tab dè Matyè

Contents

Rezime Egzekitif	2
Istorik sou MBTA	3
Angajman Piblik nan MBTA.....	3
Prensip Gid pou Angajman Piblik.....	4
Sansibilizasyon Responsab & Konsyan.....	5
Angajman & Aktivite Kominotè	6
1. Reyinyon Piblik, sa ki gen ladan Odyans Piblik yo	6
2. Sesyon Pòt louvri ak sesyon an ti gwoup	6
3. Reyinyon Entèvenan yo.....	6
4. Entèaksyon En-a-En.....	7
Angajman Piblik ak aksesibilite	7
Angajman Piblik sou Chanjman nan Tarif yo.....	9
Angajman Piblik osijè Pwojè Kapital yo	11
Angajman Piblik osijè Sèvis Planifikasyon & Chanjman Sèvis yo	12
Angajman Piblik nan Devlopman Règleman	13
Konklizyon	14

Rezime Egzekitif

Massachusetts Bay Transportation Authority (MBTA) prevwa pou angaje piblik la nan devlopman ak amelyorasyon enfrastrikti transpòtasyon ak planifikasyon enpòtan pou reponn nan bezwen Commonwealth la kap chanje. Asire dwa sivil manm yo nan piblik la pou patisipe nan ak enfliyanse desizyon transpòtasyon ki esansyèl nan misyon MBTA.

Nan fason pou mete valè nou yo an pratik, nap devlope yon Plan Angajman Piblik kap chèche pou mete aksan: poukisa angaje piblik la enpòtan; prensip yo sou fason nou pral atenn piblik la; objektif nou yo pou sansibilizasyon responsab ak refleksyon; metòd ak kalite aktivite kominote pou piblik la; ak responsablite nou pou asire aksè ak akomodasyon kidonk tout moun ka patisipe. Plan sa a, nan yon nivo elve, ap chèche tou pou eksplike ki kalite pwosesis, pwojè ak desizyon piblik la ka enfliyanse atravè angajman yo ak responsablite nou nan pwosesis sa a.

Anplis pou klarifye objektif nou yo, prensip ak estrateji pou piblik la, dokiman sa a se yon pati tou nan angajman nou pou asire dwa sivil piblik la. Retounen nan deseni yo, enterè sèten popilasyon te mal reprezante e yo pa t priyorize. Plan sa a reprezante koreksyon pwoaktiv nou nan reyalyte istorik sa a. Nou vle tandè de popilasyon ki istorikman defavorize, sa ki gen ladan men ki pa limite a moun ki gen revni fèb, moun koulè ak orijin moun ki aje, andikape, moun sila yo ki gen konpetans limite nan Angle, veteran ak moun ki pa sitwayen Ameriken ansanm avèk kominote LGBTQ a.

MBTA ap chèche kòmantè nan piblik la sou plan sa a ak pwosesis nou an. Apre ke nou fin resevwa kòmantè ak sijesyon ou yo nou pral finalize pwojè sa a epi pataje l avèk kominote a. Nou pa ka tann pou n kontinye patisipe nan devlopman transpòtasyon nan planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon, pou rive nan planifikasyon sèvis ak règleman.

Steve Poftak
Manadjè Jeneral
MBTA

Istorik sou MBTA

Massachusetts Bay Transportation Authority (MBTA) se 5^{yèm} pi gwo ajans transpòtasyon nan peyi a ak pi gwo sistèm transpòtasyon nan Massachusetts. MBTA responsab pou operasyon transpòtasyon milti-modal nan Greater Boston, sa ki gen ladan dispozisyon sèvis tren pasaje ki etann nan 170 kominote. Nan dat 17 Jiyè 2015, Gouvènè Charlie Baker te nonmen yon Konsyèl Kontwol ak Jesyon Fiskal senk manm [Fiscal Management and Control Board (FMCB)] pou pote sipèvizyon, sipò ak responsablite fiskal nan Authority. FMCB chaje pou oryante MBTA nan modènize enfrastrikti l ak bay responsablite pou delivre yon bon jan kalite sistèm transpòtasyon an komen.

Manadjè Jeneral BTA, Manadjè Jeneral Adjwen, ak Ofisye Administratif an chèf rapòte regilyèman nan FMCB sou kondisyon aktyèl pèfòmans sistèm nan, operasyon, finans ak inisyativ Authority a. Anplis, yo envite piblik la pou kòmanje sou sijè yo ki sou ajanda nan pifò reyinyon FMCB yo. Estrikti gouvènans FMCB te pwolonje jiska 30 Jen 2020.

Angajman Piblik nan MBTA

Pou garanti pwosesis angajman piblik aksesib ak enkliziv pou priz desizyon nan transpòtasyon, e annakò avèk lwa eta ak federal, MBTA te devlope Plan Angajman Piblik sa a (PEP oswa Plan). Plan sa a pral ajou sou yon baz regilye pou enkòpore chanjman yo nan angajman piblik nan Authority.

Dokiman sa a mete aksan sou angajman MBTA nan angajman piblik. Li enpòtan pou devlope estrateji yo pou angaje avèk kominote sa yo ki te kapab defavorize pa sistèm transpò piblik la oswa istorikman te manke akse nan pwosesis priz desizyon. Plan sa a pre-sipoze yon volonte pou genyen opòtinite siyifikatif ak kontinyèl pou piblik la ede idantifye enpak sosyal, ekonomik, ak anviwonmantal sou règleman transpòtasyon ki pwopoze, pwojè ak inisyativ yo.

Anplis, MBTA gen obligasyon pou swiv obligasyon non-diskriminasyon Federal, grasa Lwa 1964 sou dwa sivil Tit VI, Seksyon 504 ak 508 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon, ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA), e li pa p fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal (enkli moun ki limite nan Angle), oswa andikap. Anplis, lwa federal, entèdi diskriminasyon sou baz laj, sèks, ak oryantasyon seksyèl.

MBTA te redouble tou angajman l nan aksesibilite pou moun ki andikap yo. Alaswit piblikasyon 2018 sou Akò-règleman Modifye *Deniels-Finegold et al kont. MBTA*, MBTA a angaje

pou asire nenpòt chanjman nan sèvis ki pwopoze yo sa ki gen ladan sansibilizasyon spesifik pou moun ki gen andikap yo.

Plan sa a bay yon baz referans pou kenbe reyinyon piblik yo enkliziv, aksesib ak sansib, odisyon, ak lòt fòm patisipasyon. Plan sa a te ekri pou asire ke ase konsiderasyon nan sansibilizasyon ak enklizyon gwoup pwoteje sa yo enkòpore nan pwosedi angajman piblik MBTA. Adezyon nan prensip sa yo pral asire konfòmite avèk obligasyon non-diskriminasyon nan nivo eta, sa ki etann pwoteksyon pou sèten gwoup pwoteje kont baz diskriminasyon, tankou oryantasyon seksyèl ak estati veteran.

Prensip Gid pou Angajman Piblik

Priz desizyon nan transpòtasyon ak pwosesis devlopman pwojè bezwen pou ofri piblik la opòtinite pou patisipe nan diskisyon yo ak ofri opinyon yo anvan priz desizyon final la. MBTA a te swiv prensip angajman piblik la ke reprezantan ajans yo ansanm avèk moun sila yo kap travay ansanm avèk MBTA sou pwojè transpòtasyon ak inisyativ yo pral efòse pou rive jwenn:

- **Patenarya Kominotè Solid:** MBTA a pral devlope mwayen pou kominikasyon regilye pou devlope konfyans avèk kominote yo. Kalite angajman piblik evidan nan patenarya kominotè solid ak angajman konsistan nan yon angajman kontinyèl.
- **Sansibilizasyon Estratejik pou Angaje Piblik la:** Yo dwe fè efò konsète pou ankouraje patisipasyon grasa sansibilizasyon stratejik ak aksesib bonè pou piblik nap sèvi a.
- **Anviwonman Aksesib ak Divès Enkliziv:** Tout patisipasyon piblik ak aktivite angajman ta dwe ankouraje divèsite ak aksesibilite nan pwosesis nou yo. Nou ta dwe fè tout efò nou pou asire opòtinite patisipasyon sa fizikman, jeyografikman, tanporèman, lengwistikman ak kiltirèlman aksesib. Pwosesis angajman piblik ta dwe gen ladan, jan sa apwopriye nan yon pwojè oswa sila yo ki afekte, yon nivo pèspektiv sosyo-ekonomik, etnik, ak kiltirèl ak enkli moun ki gen revni fèb, jistis anviwonmantal (EJ), ak katye minorite yo, moun ki limite nan Angle, moun ki gen andikap, ak lòt kominote ki defavorize tradisyonèlman.
- **Dyalòg ki oryante sou solisyon ak respè:** Aktivite kominotè yo ta dwe akeyi tout opinyon ak dyalòg yo ki baze sou respè ak enklizyon nan tout pwendev. Lè gen konfli opinyon, konvèsasyon yo ta dwe estriktire pou pèmèt konpwomi pandan lap rete santre sou solisyon pou reponn a enkyetid kominote a.
- **Pwosesis Transparan:** Kòm gen anpil rezon pou angaje avèk piblik la, li enperatif ke gen yon klarite sou pwosesis la, nivo patisipasyon, ak priz desizyon pou nenpòt aktivite oswa

pwosesis kominotè. MBTA a ouvè pou resevwa ak enkòpore kòmantè ak bay opòtinite apwopriye pou kòmantè yo. Plan ak pwojè yo dwe ankadre klèman kidonk patisipan yo ka konprann efè potansyèl yo. Moun ki pran tan pou patisipe dwe santi li vo efò pou rantr nan diskisyon an ak konprann enflyans yo ka genyen sou desizyon yo.

Sansibilizasyon Responsab & Konsyan

MBTA a ta dwe konprann ansanm bezwen kominote a nan fason pou kreye plan transpòtasyon inovè ak adapte, pwojè ak règleman yo. Sa enplike ansèyman sou kominote a ak relasyon yo pou transpòtasyon ak pwojè a an kesyon. Lè yo kominike avèk manm yo nan kominote a ansanm avèk lidè yo toutan, MBTA a ap konprann rezon ki fè manm yo nan kominote a dakò oswa pa dakò avèk plan oswa pwojè ki pwopoze yo.

Istorikman, moun ki an minorite yo ak kominote revni fèb yo, ansanm avèk sila yo ki gen yon fèb nivo alfabetizasyon ak/oswa limite nan Angle, te mal desèvi pa metòd sansibilizasyon konvansyonèl la. Sansibilizasyon nan gwoup defavorize tradisyonèl yo ap ede asire ke tout elektè yo gen opòtinite pou afekte pwosesis priz desizyon an. Efo sansibilizasyon piblik MBTA dwe fèt pou akomode bezwen minorite revni fèb yo, moun ki limite nan Angle, moun ki gen andikap, ak lòt moun ki defavorize tradisyonèlman pandan tout faz nenpòt pwosesis angajman piblik. MBTA rekonèt ke teknik sansibilizasyon tradisyonèl yo pa toujou efikas avèk popilasyon sa yo.

Gen yon obligasyon tou pou fè sansibilizasyon pou ankouraje patisipasyon, patikilyèman pami gwoup ki pwoteje pa lwa sou non-diskriminasyon eta ak federal ke MBTA oblije pou konfòme. Kidonk, otan ke yo chwazi bon plas la, lè ak lokal pou yon reyinyon enpòtan, e li menm pi enpòtan pou asire ke yo bay anpil moun nan piblik la yon chans pou patisipe nan diskisyon an.

Pou sipòte planifikasyon reyinyon piblik kreyativ, reyinyon yo dwe adapte pou efektivman enfòme kominote a ak/oswa sible odyans lan sou kesyon yap adrese a, ak pou reponn a kesyon oswa enkyetid yo. Apati yon pèspektiv dwa sivil, angajman efektif piblik la mande pou konnen odyans ki sible a, sa ki gen ladan lang ki pale, gwoup kiltirèl oswa rasyal oswa gwoup kiltirèl nan zòn lan, òganizasyon kominotè ak lidè, ak aktè kle yo. Ideyalman, òganizatè yo ta ale ankò pi lwen epi aprann sou istwa transpòtasyon oswa transpò an komen pou kominote a oswa nenpòt kontwovès pase.

Planifikasyon estratejik pou enplikasyon Tit VI, revni fèb, andikap ak lòt gwoup pwoteje yo esansyèl nan yon efò enkliziv ak reyisi. Antisipe reyalyte sa a ak pran etap pou simonte obstak yo nan patisipasyon mande efò anplis paske li asire potansyèl pou kominote a anbrase yon pwojè antyèman. Angaje piblik la nan yon kontèks sible konplèks, espesyalman pandan lap asire plizyè

patisipasyon, ankò travay sa a esansyèl pou angaje avèk piblik la nan fason enpòtan.

Angajman & Aktivite Kominotè

MBTA pral chèche pou angaje piblik la sou règleman, planifikasyon, ak pwojè yo. Nivo konpleksite pou chak pwojè ak enpak sou kominote a pral gide estrikti ak pwosesis angajman piblik. Pwojè senp yo ka mande plis sansibilizasyon pandan lavi pwojè a.

Gen kat gwo kalite angajman piblik ke MBTA itilize pi souvan: 1) Reyinyon piblik, sa ki gen ladan odyans piblik yo; 2) Jounen Pòt louvri; 3) Reyinyon entèvenan yo, ak 4) Kominikasyon en-a-en. Chak nan kalite aktivite sa yo dekri anba avèk angajman kontinyèl nou pou inovè ak elaji opsyon pou angajman piblik.

1. Reyinyon Piblik, sa ki gen ladan Odyans Piblik yo

Reyinyon piblik, alafwa nan nivo pwojè ak pi lajman, se yon opòtinite pou manm yo nan piblik la angaje nan pwosesis pran desizyon nan transpòtasyon. Pandan reyinyon piblik yo, anplwaye MBTA yo ta dwe prezante enfòmasyon sou pwojè a, chanjman nan sèvis, oswa mizajou nan règleman pou moun yo ki ka mwens abitye avèk kontèks la ansanm avèk reponn kesyon yo.

Odyans piblik yo se yon kalite reyinyon piblik ki fèt avèk plis fòmalitye e yo souvan obligatwa dapre lwa eta oswa federal. Nan yon odyans piblik nenpòt manm nan kominote a gen yon opòtinite pou bay yon kòmantè piblik sou sijè an kesyon an. MBTA a anrejistre tout kòmantè yo nan yon transkripsyon alekri.

2. Sesyon Pòt louvri ak sesyon an ti gwoup

Anplwaye MBTA ak konsiltan yo regilyèman kominike avèk manm yo nan piblik la atravè sesyon pòt louvri oswa an ti gwoup. Sa yo se reyinyon piblik ki mwen ofisyèl oswa odyans ak bay manm yo nan piblik la yon opòtinite pou gade dokiman etid oswa konsepsyon plan pwojè yo. Nan kèk ka, sesyon pòt louvri ak sesyon an ti gwoup yo rive anvan yon odyans piblik kidonk piblik la ka byen enfòme alavans sou reyinyon an. Pandanke kominikasyon yo pandan sesyon sa yo enfòmèl, yo souvan souleve kesyon enpòtan yo. Anplwaye ak konsiltan MBTA yo fè efò pou adrese kesyon sa yo avèk presizyon ak efikasman pandan sesyon sa yo. Anplis, konvèsasyon yo avèk piblik la dokimante, nan fason pou enfòme etid oswa devlopman pwojè.

3. Reyinyon Entèvenan yo

MBTA a angaje pou enplike plizyè entèvenan, alafwa nan òganizasyon entèn ak ekstèn, pou jwenn kòmantè sou anpil pwojè konplèks. Nan kèk sikonstans, li kapab apwopriye pou

devlope yon gwoup entèvenan ki rankontre regilyèman pandan tout pwosesis pwojè a pou pataje konesans spesyalize yo. Nan lòt fwa, li ka nesesè pou spesifikman sible sèten gwoup entèvenan. Pa egzanp, yon manadjè pwojè sipèvize redevlopman santye pyeton nan yon estasyon tren ka benefisye nan kowòdinasyon spesifik yon reyinyon avèk entèvenan yo ki gen andikap teni kont de konpleksite ak enpòtans pèspektiv inik gwoup sa a sou kesyon an. Sa ki gen ladan plizyè kalite lidè nan kominote a nan konvèsasyon tankou sa yo se yon strateji itil pou mande kòmantè reprezantanatif yo.

4. Entèaksyon En-a-En

Anplwaye MBTA yo kominike dirèkteman avèk piblik la pa vèti sou pwogram piblik la ap fè fas, sèvis, ak aktivite nou bay. Kominikasyon sa yo ka gen ladan reyinyon ki planifye ak kominikasyon espontane avèk manm yo nan piblik la. Nan ka sa yo anplwaye MBTA yo ap fè efò pou angaje piblik la sou yon nivo ki pi pèsònèl, pandan lap kenbe menm aksè ak enklizyon yo founi nan metòd angajman ki pi fòmèl.

Odelà de angajman an pèsòn, MBTA toujou ap chèche lòt mwayen pou patisipasyon piblik la, tankou atravè sit entènèt, difizyon an dirèk, aplikasyon mobil, sondaj anliy, ak medya sosyal. MBTA espere itilize mwayen angajman piblik sa yo pou fè patisipasyon an vin pi pratik ak aksesib. Lè li konsidere fòm kominikasyon piblik ki pi modèn, MBTA dwe kontinye pou asire ke li atenn yon odyans divèsifye ak bay opòtinite ki pi siyifikatif pou pataje kòmantè manm yo nan piblik la, pandan lap garanti fowòm aksesib pou patisipasyon. Kenbe priyorite sa a nan lespri, MBTA pral toujou kontinye inovè ak fè efò pou itilize nouvo zouti, sa ki kapab ogmante kantite vwa piblik nan desizyon enpòtan yo.

Anplis de kalite aktivite piblik MBTA ki pi fòmèl, genyen tou mwens opòtinite fòmèl lè anplwaye MBTA yo ale nan espas kominotè ki egziste deja pou chèche opinyon piblik la. Sa a ka pran fòm patisipasyon oswa prezantasyon nan fowòm ki egziste deja yo, fè sansibilizasyon oswa menm entèsepte sondaj avèk piblik la. Nan ka sa yo olye ke ou espere kominote a ap vini nan reyinyon nou yo, nap chèche pou angaje kominote yo kote yo ye a ak nan anviwonman ki fanmiye.

Angajman Piblik ak aksesiblite

Lè wap planifye, fè piblisite, oswa òganize reyinyon piblik ak/oswa angaje avèk piblik la, anplwaye MBTA yo dwe asire ke tout moun ka patisipe plènmàn, kèlkeswa estati minorite, revni, konpetans limite nan Angle (LEP), laj, andikap, ak jeyografi. Sa a mande konsiderasyon espesyal pou avi reyinyon yo, pwomosyon, ak akomodasyon espesyal.

Nan fason pou asire ke manm yo nan piblik la okouran sou akvite angajman ak sansibilizasyon, MBTA a fè efò pou bay avi oplito ke posib ak nan fason ki pi laj ke posib. MBTA a vize pou afiche avi yo (depliyon, siy, oswa paj entènèt) omwen 14 jou anvan yon aktivite kominotè. Pandanke avi 14 jou a se objektif nou, gen ka kote nou pa ka satisfè l akòz nati dinamik pwojè transpòsyon yo ak lè konpwomi yo fèt pou reponn a enkyetid piblik la imedyatman. Avi yo ta dwe gen ladan enfòmasyon sou kijan piblik la ka patisipe ak kijan MBTA a pral itilize ak reponn nan kòmantè piblik la.

MBTA itilize plizyè lòt mwayen nan fason pou asire yon gwo sansibilizasyon kidonk piblik la ka patisipe nan aktivite kominotè yo. Mwayen sansibilizasyon sa yo ka gen ladan afiche siy nan lokasyon piblik yo (estasyon tren, arè otobis, otèl vil la, bibliyotèk, afich kominotè, elatriye), avi nan jounal lokal, afich nan medya sosyal, distribisyon atravè sit entènèt MBTA, ak nan rezo kominikasyon patnè kominotè nou yo. Itilize done ki disponib, anplwaye MBTA yo idantifye bezwen pou lang kominote ki afekte yo kidonk avi sou reyinyon piblik ak enfòmasyon sou pwojè yo afiche nan lang ke yo idantifye yo pou ankouraje patisipasyon bò kote popilasyon ki tradisyonèlman defavorize yo. Itilize dieferan kalite metòd sa yo nesèsè pou rive jwenn yon demografik ki laj.

Avi bonè nan yon aktivite piblik esansyèl tou paske li pèmèt patisipan yo planifye pou patisipasyon. Li bay tou ase tan pou patisipan yo mande nenpòt akomodasyon ki nesèsè, tankou sa yo ki gen rapò avèk yon andikap, oswa moun ki gen kapasite limite nan Angle. MBTA a jeneralman egzijè ke yo mande akomodasyon sa yo omwen 10 jou alavans nan fason pou akòde plis tan pou yo ka trete demann lan.

Lè yap chwazi lokasyon pou yon akvite kominotè, anplwaye MBTA a konsidere yon kantite faktè pou asire ke lokasyon an fasil pou jwenn ak aksesib pou moun sila yo ki ta vle vini ak patisipe. Tout aktivite kominotè yo ta dwe fèt nan zòn kominote kote pwojè a afekte oswa zòn detid, e li dwe aksesib pa transpò piblik lè sa disponib. Anplis, yon lokal reyinyon pral bay ideyalman Wi-Fi. Lokasyon an dwe aksesib tou pou patisipan yo ki gen andikap epi konfòme avèk reglèman sou aksesibilite Federal ak Eta. Nan fason pou reyalize sa a, MBTA a dwe konsidere plizyè faktè lè lap chwazi yon lokal pou reyinyon. Kèk nan egzijans yo gen ladan, men li pa limite nan:

- Estasyonman Aksesib;
- Chemen vwayaj klè;
- Antre Aksesib;
- Twalèt Aksesib;

- Sal konferans aksesib;
- Espas pou Transkripsyon an tan reyèl ki asiste avèk Ódinatè [Computer Assisted Real-Time Transcription (CART)];
- Espas ak Siy pou Entèprèt Lang Etranje;
- Mikwofòn ak Podyòm ajistab; ak
- Platfòm sirlve ki aksesib.

Anplis pou asire ke yon reyinyon piblik aksesib fizikman, yo dwe konsidere tou lòt akomodasyon. Jan li mansyone anwo a, MBTA a ap fè efò pou bay lòt akomodasyon rezonab lè yo mande l. Lè piblik la gen yon aksesiblite oswa demann pou akomodasyon langaj, yo ka fè demann yo grasa yon moun kontak MBTA deziyen, sa ki ta dwe toujou afiche sou nenpòt avi oswa depliyon aktivite kominotè. Men ki egzannp sou akomodasyon spesifik yo ka bay moun yo nan fason pou pèmèt yo patisipe nan fason enpòtan nan yon aktivite kominotè sa ki gen ladan sa ki annaprè a:

- Dokiman nan lòt Fòm yo (gwo karaktè, elektwonik, bray oswa aparèy pou tande);
- Dokiman Tradwi;
- Aparèy Asiste pou Tande;
- Entèpretasyon Videyo Remote;
- Sèvis Relè Vwa Telekominikasyon ak Videyo;
- Sou Tit;
- Transkripsyon an tan reyèl ki asiste avèk Ódinatè [Computer Assisted Real-Time Transcription (CART)];
- Entèprèt Langaj Siy Ameriken [American Sign Language (ASL)]; ak
- Entèprèt Lang Etranje.

Li enpòtan pou planfiye pou bezwen langaj ak entèpretasyon yon kominote. Itilize done ki disponib, anplwaye MBTA yo ap proaktivman idantifye bezwen langaj pou kominote ki afekte yo kidonk yo ka afiche enfòmasyon sou pwojè a ak avi sou reyinyon piblik la nan lang yo idantifye yo pou ankouraje patisipasyon gwoup ki tradisyonèlman defavorize yo. Anplis, MBTA a travay avèk patnè yo nan kominote a tankou otorite ki eli yo ansanm avèk òganizasyon lokal yo kap plede pou akomodasyon lang nan kominote yo.

Angajman Piblik sou Chanjman nan Tarif yo

Revni nan tarif yo reprezante yon pati enpòtan nan total bidjè fonksyonman MBTA. Anplis de asistans eta, evalyasyon minisipal yo, ak revni pwòp sous yo, revni sou pri tikè a nesèsè pou

jere sistèm nan ak fè envestisman kapital pou modènize transpòtasyon. Pafwa MBTA a bezwen pou l ogmante pri tikè yo nan fason pou kenbe avèk pri fonksyonman oswa pou ogmante sèvis. Anplis, pafwa MBTA a chanje estrikti pri tikè yo oswa ajoute nouvo pwodui tikè nan fason pou reponn a objektif règleman yo, tankou ogmante pakou oswa chanje orè oswa sèvis avèk kapasite. MBTA a rekonèt ke ogmantasyon pri transpòtasyon gen yon enpak sou kliyan yo. MBTA a pran angajman pou enplike pasaje yo nan yon konvèsasyon ki pi siyifikatif chak fwa nou konsidere chanje pri tikè yo.

Lwa aktyèl eta pèmèt MBTA ogmante pri tikè yo nan entèval regilye modere, limite ogmantasyon yo a yon fwa chak dezan (2) ak yon barèm pa plis pase 7% pou chak ogmantasyon. Lè ou konsidere yon ogmantasyon nan pri tikè yo chak dezan, MBTA a devlope youn oswa de senaryo ak revni ki gen rapò yo, pasaje, ak enpak sou ekite. Yo prezante senaryo sa yo bay piblik la pou yon peryòd kòmantè ki dire pou omwen 21 jou.

MBTA a etabli plizyè chanèl pou kòmantè sa ki gen ladan fòm anliy oswa imèl, adrès postal, ak nan reyinyon piblik ak an pèsòn. Gen yon odyans piblik ofisyèl tou temwayaj. Nan nenpòt kalite odyans konsa, MBTA a pral fè yon prezantasyon fòmèl sou chanjman tarif ki pwopoze, ak piblik la pral gen opòtinite pou bay temwayaj sou pwopozisyon yo pou dosye piblik la.

Objektif reyinyon piblik pou chanje pri tikè yo se pou diskite sou chanjman yo ak mande kòmantè dirèk piblik la. Sa a ka akonpli sou fòm reyinyon otonòm oswa an konbinezon avèk tout lòt inisyativ ki gen rapò avèk MBTA. MBTA bay priyorite nan fòm reyinyon yo kap pèmèt piblik la poze dirijan MBTA yo kesyon dirèkteman.

Kantite ak lokasyon reyinyon piblik sou chanjman nan pri tikè yo depann sou lòt inisyativ MBTA ki ankou, men yo pral chwazi lokasyon yo pou asire kominote ki pi afekte pa chanjman yo gen opòtinite pou fè kòmantè pandan lap kouvri zòn sèvis MBTA a. Tankou menm jan avèk tout angajman piblik, yo pral fè konsiderasyon ak akomodasyon pou reyinyon aksesib yo ak difizyon enfòmasyon, sa ki gen ladan lè, adrès ak ekite lang.

Anplwaye MBTA yo ap li tout kòmantè piblik sou chanjman nan pri tikè yo li te resevwa epi kreye yon rezime pou direksyon MBTA a. Yo itilize rezime a pou fè chanjman oswa revizyon yo nan senaryo ki pwopoze a(yo). Yo prezante yon senaryo revize bay Konsèy administrasyon kap dirije MBTA a avèk yon analiz ajou sou revni, pasaje, ak ekite.

Konsèy kap dirije MBTA a pral pran yon vòt final sou chanjman nan pwopoze nan pri tikè yo apre konsiderasyon sou kondisyon finansye anjeneral MBTA, pasaje, revni, ak enplikasyon

ekite sou chanjman yo, rezime anplwaye yo sou kòmantè piblik ak kòmantè ki soti nan Konsèy Konsiltatif MBTA.

Lè MBTA ap konsidere gwo chanjman yo nan estrikti pri tikè yo, lap bezwen yon angajman piblik ki pi enpòtan. Egzanp yo sou chanjman nan estrikti pri tikè a se distans ki baze oswa yon peryòd tan ki pi long pou eksplike opsyon ak konsidere diferan senaryo. Kalite pwosesis sa ta gen plis chans pou enkli reyinyon avèk plizyè entèvenan, sesyon pòt ouvè, ak atelye travay pou diskite sou konpwami ant objektif règleman yo. Depi yo fin kreye senaryo fòmèl yo, pwosesis adopsyon an ta swiv yon pwosesis menm jan avèk pwosesis ogamantasyon piblik tarif estanda yo.

Angajman Piblik osijè Pwojè Kapital yo

Pwosesis devlopman pwojè a te sou pye an repons a yon bezwen yo te idantifye nan sistèm lan. Idantifikasyon bezwen sa a ka soti apati sijesyon oswa enkyetid sou yon byen, oswa atravè pwosesis planifikasyon zòn oswa koridò. Bezwen pou idantifikasyon sa a ka rive tou grasa inisyativ sou planifikasyon yon òganizasyon planifikasyon oswa soti nan patisipasyon kominotè, lejislativ oswa sitwayen. Vwa piblik nan satisfaksyon bezwen yo esansyèl pou MBTA kontinye reponn a bezwen pasaje piblik yo kap chanje.

MBTA a, an kowòdinasyon avèk Depatman Transpòtasyon Massachusetts [Massachusetts Department of Transportation (MassDOT)] Biwo Planifikasyon Transpòtasyon an, te devlope yon plan envestisman alontèm pou pozisyon MBTA pou reponn a bezwen rejyon Greater Boston nan 2040. Nan devlope plan an, ki konnen tankou Focus40, MBTA ak MassDOT te fè rechèch enpòtan ak angajman piblik pou idantifye pwochen bezwen pou sèvis MBTA yo. Grasa inisyativ sa yo, piblik la te gen opòtinite pou enfliyanse ki pwojè ke MBTA a ap devlope. Travay avèk MPO lokal yo oswa lòt ajans planifikasyon yo, ak dirèkteman avèk MBTA/MassDOT sou planifikasyon alontèm nou an, se pi bon fason pou idantifye pwochne bezwen transpòtasyon epi mete pwojè yo an wout, idantifye bezwen, finalman devlope an pwojè ki gen ladan Plan Envestisman Kapital nan senkan (CIP).

Depi pwojè a fin priyorize grasa pwosesis CIP pou finansman, planifikasyon pwojè endividyèl ak konsepsyon kòmanse. Pandan faz planifikasyon an, pwoblèm, enpak, ak potansyèl apwobasyon ki nesesè yo idantifye nan fason pou detèmine ki konsepsyon ak pwosesis pèmi aplikab. Angajman piblik nan yon pwojè ta dwe kòmanse nan pwojè planifikasyon bonè ak anvan gen yon kou aksyon ki rekòmande. Pou gwo pwojè yo, pwosesis angajman piblik inisyal la ta dwe kòmanse anvan konsepsyon an epi kontinye nan etap enpòtan pandan tout pwosesis

planifikasyon an.

Reyinyon piblik yo fèt pandan faz planifikasyon an nan fason pou transmèt enfòmasyon an bay piblik jeneral la ak pou mande enfòmasyon sou pwojè a. Reyinyon piblik yo ap sèvi kòm fowòm kote MBTA ka aprann sou epi reponn a enkyetid kominote a. Gen kèk pwojè, patikilyèman sila yo ki gen rapò avèk antretyen sistèm lan ak amelyorasyon aktif yo, ka pa mande angajman piblik. Men, yo ta dwe rapòte pwogrès sou inisyativ sa yo bay piblik la regilyèman.

Apre yo fin atribye yon kontra sou konstriksyon, yo ta dwe devlope yon plan jesyon sou konstriksyon an. Ajans kap bay pèmi yo, otorite lokal yo, biznis, ak manm ki afekte yo nan piblik jeneral la bezwen pou yo jwenn enfòmasyon sou chanjman yo nan detou, operasyon trafik, ak zòn konstriksyon yo ak aktivite ki te rive pandan tout pwojè a.

Anvan aktivite konstriksyon yo kòmanse, manadjè pwojè yo pral detèmine kalite notifikasyon apwopriye piblik ak patisipasyon ki nesesè. Pwojè yo lakoz nan diferan kalite deranjman nan transpòtasyon ak lòt aktivite toupre. Pou pwojè senp yo, yon nivo minimòm angajman piblik minimòm ka nesesè. Pou pwojè sa yo, pwopriyetè pwojè a, ta dwe nan minimòm, enfòme bitwa yo (nan lòt lang ki pa Angle, si apwopriye) sou aktivite konstriksyon iminan. Pou pwojè ki pi konplèks yo, plis angajman piblik ka nesesè. Reyinyon chak mwa oswa chak trimès moun ki gen enterè yo ak reyinyon bitwa yo ka fèt lè gwosè oswa lokasyon yon pwojè mande pou yo. MBTA a pral itilize zouti kominikasyon ki annaprè a pou pataje enfòmasyon pwojè ak resevwa kòmantè:

- Sit entènèt MBTA;
- Medya, alafwa enprime ak TV;
- Zouti medya sosyal; ak
- Kont imèl Afè Piblik.

Byenke pwofondè angajman piblik la depann sou gwosè, etandi ak kompleksite yon pwojè, valè konsistan MBTA ak kominikasyon regilye avèk piblik la ansanm avèk opòtinite pou piblik la pataje opinyon yo nan entèval regilye.

Angajman Piblik osijè Sèvis Planifikasyon & Chanjman Sèvis yo

MBTA a te fikse objektif sèvis ak estanda pou tout sèvis MBTA yo. Nan fason pou reponn a objektif deklare yo, ak adapte nan evolisyon konpòtman vwayaj nan rejyon an, MBTA regilyèman evalye pèfòmans sou sèvis li yo ak rekòmande chanjman nan sèvis yo grasa pwosesis planifikasyon sèvis. Pwosesis planifikasyon sèvis la gen ladan chanjman chak trimès

nan tout sistèm nan, modifikasyon kontinyèl plan sèvis la, ak yon evalyasyon anyèl pou enfòmasyon pwosesis bidjè MBTA a.

Anplwaye MBTA oswa direksyon an ka pwopoze chanjman nan sèvis yo, ansanm avèk manm yo nan piblik la, sa ki gen ladan minisipalite, òganizasyon ak kliyan yo. Fason ki pi komen pou piblik la soumèt kòmantè yo pou yon chanjman sèvis se grisa reyinyon piblik oswa atelye travay, korespondans alekri, sitwèb MBTA, sant apèl kliyan MBTA, imèl ak Twitter. Minisipalite yo ka soumèt lide sèvis yo tou pou MBTA pou pilote atravè pwosesis sèvis pilòt nou an.

Kèlkeswa fason lide Planifikasyon Sèvis yo inisye, nenpòt chanjman enpòtan ke MBTA fè pral afekte kliyan yo. Kidonk, MBTA a dwe angaje piblik la pou asire tout benefis chanjman yo anpòte sou potansyèl enkonvenyan yo. Angajman piblik toujou nesesè pou yon Plan sèvis. Anplis, chanjman enpòtan, tankou eliminasyon wout, egzije angajman piblik kèlkeswa lè chanjman an fèt.

MBTA a ofri mwayen komunikasyon kontinyèl grisa sit entènèt li, liy telefòn kliyan, medya sosyal, komite pèmanan, ak kòmantè yo voye bay anplwaye endivdyèl MBTA yo. Kòmantè ak demann ki gen rapò yo dirije bay depatman apwopriye a pou konsiderasyon ak repons. Sou demann, anplwaye MBTA pral konsidere tou patisipe nan reyinyon piblik yo minisipalite yo òganize oswa avèk otorite ofisyèl yo pou adrese pwoblèm spesifik sou sèvis yo. Detanzantan, MBTA a ka fè reyinyon espesyal ki baze sou wout oswa mache a pou rasanle kòmantè dirèk sou potansyèl chanjman nan sèvis yo. Sansibilizasyon kontinyèl piblik sa a enfòmasyon alafwa pwosesis planifikasyon sèvis la chak twa mwa ak Pwosesis Plan Sèvis la.

Depi yo fin devlope yon Plan Sèvis Preliminè, MBTA a pwograme youn oswa plizyè reyinyon piblik nan lokal ki apwopriye yo. Nan reyinyon ouvè sa yo, MBTA prezante analiz ak konpwomi ki dèyè chanjman sèvis ki pwopoze a epi mande kòmantè piblik ak konsidere yo anvan li prezante rekòmandasyon final la bay Konsèy la pou apwobasyon. Tout reyinyon piblik yo ki gen rapò avèk Planifikasyon Sèvis pral swiv valè ak prensipal reyinyon piblik la jan li souliye nan dokiman sa a.

Angajman Piblik nan Devlopman Règleman

MBTA a devlope règleman pou gide priz desizyon nou nan yon fason ki transparan ak enfòmasyon manm yo nan piblik la ak entèvenan yo sou sa yo dwe atann yo. Gen kèk règleman, tankou sila yo ki gen rapò avèk Dwa Sivil ak Tit VI, yo obligatwa federalman. Règleman tankou sa yo egzije angajman piblik fòmèl e li pral swiv estanda yo ki etabli nan Plan Angajman Piblik sa a. Lòt règleman yo tankou Règleman sou Sèvis Pilòt nou an oswa Règleman sou Livrezon Sèvis pa

obligatwa federalman. Malgre sa, MBTA a angaje pou enplike kliyan nou yo sou pwoblèm enpòtan nan transpò piblik la. Kidonk, règleman tankou sa yo fabrike baze sou kòmantè yo MBTA te resewva grasa d'alg piblik kontinyèl. Kliyan yo ki potansèyman afekte nan règleman an pral angaje, jan sa apwopriye.

Konklizyon

MBTA a angaje pou fè patisyon pa li nan amelyore sistèm transpòtasyon Commonwealth la. Angajman piblik aksesib ak kontinyèl, siyifikatif yo se konpozan enpòtan nan fè sa efikasan ak avèk siksè. Lè nou itilize estrateji ak metòd yo ki etabli nan dokiman sa a, MBTA a gen konfyans ke ansanm, nou ka amelyore fason nap deplase.